

fins d'insertion au prochain numéro du Bulletin Officiel du Burundi (BOB).

Dont acte  
L'Huissier (sé).

### ASSIGNATION A DOMICILE INCONNU

L'an deux mille seize: le 9<sup>ème</sup> jour du mois de Février

A la requête du Ministère Public.

Je soussignée NDIKE Béatrice huissier assermenté, près le tribunal de Grande Instance en Mairie de Bujumbura;

Ai assigné à domicile inconnu, le, la nommé HABIYAMBERE Jean-Marie, fils de GARATINO TENGO

A comparaître devant le Tribunal de Grande Instance en Mairie de Bujumbura en matière pénale

En date du 25/02/2016 à 9 heures du matin au local ordinaire de ses audiences:

« Avoir fait usage d'un faux contrat de vente pour prouver la propriété du cahion.

Faits prévus et réprimés par l'article 350 du Code Pénal »

Pour y présenter ses dires et moyens de défense et entendre statuer sur les faits lui reprochés dans l'affaire sous-rubrique. Et pour que l'assigné n'en ignore, étant donné qu'il n'a ni domicile, ni résidence connu dans ou hors de la République du Burundi, j'ai affiché une copie du présent exploit à la porte principale de l'auditoire du Tribunal de Grande Instance en Mairie de Bujumbura et en ai fait parvenir une copie de l'extrait au Directeur du Centre d'Etudes et de Documentations Juridiques aux fins d'insertion au prochain numéro du Bulletin Officiel du Burundi (BOB).

Dont acte

L'Huissier (sé).

### RCCB 321

**SENTARE YUBAHIRIZA IBWIRIZWA SHINGIRO MU BURUNDI, ISHASHE MU MANZA ZO KUGENZURA KO AMATEGEKO AHUYE N'IBWIRIZWA SHINGIRO, YACIYE URUBANZA RUKURIKIRA :**

Twihweje urwandiko rwo ku wa 26/10/2015 MANIRAMBONA Herménégilde yashikirije Sentare yubahiriza ibwirizwa Shingiro ayisaba kwihweza ko ingingo ya 647 y'Igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatati ko inyuranye n'Ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi mu ngingo zaryo za 19 na 36;

Twihweje ko urwo rubanza rwaciye rwandikwa mu gitabu c'izindi manza z'iyi Sentare ku rutonde RCCB 321

Twihweje icegeranyo cagizwe n'umucamanza w'iyi sentare kuri uru rubanza;

Twihweje ko urwo rubanza rwaciye rushirwa mu mwiherero w'abacamanza ku wa 22/01/2016 kugira hacike urukurikira :

#### I. Ku vyerekeye kwitura iyi Sentare.

Kubera ko ingingo y'230 y'Ibwirizwa Shingiro mu gace karyo ka kabiri be n'ingingo ya 10 mu gace kayo ka kabiri y'Ibwirizwa n°01/018 ryo ku wa 19/12/2002 rigenga Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro nk'uko ryahinduwe mu ngingo ya 4 y'Ibwirizwa n°1/03 ryo ku wa

11/01/2007 rigenga iyo Sentare nyene, zitegekanya ko "Umuntu uwariwe wese abikeneye, ishirahamwe iryo ariryo ryose ribikeneye canke abashikirizamanza barashobora gushinga urubanza muri Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro badoma urutoke ku mabwirizwa n'amategeko yoba yashinzwe biciye kubiri n'Ibwirizwa Shingiro. Bashobora kubigira mu kwishikirira bo nyene Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro canke mu kubimenyeshya abandi bacamanza mu gihe babonye ko urubanza bariko barabacira rushingiye ku ngingo y'Ibwirizwa canke itegeko iciye kubiri n'Ibwirizwa Shingiro";

Kubera ko uwituye Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro ari umuntu ku giti ciwe kandi akaba yitwarira ingingo y'647 y'Igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatati: ingingo yisunzwe mu rubanza RAC 5921 rwaciye na Sentare y'i Bujumbura ica imanza Leta ifisemwo inyungu rwo ku wa 31/03/2014, kandi iyo ngingo igashobora no gushimikirwako mu rubanza RAA 1219 ruri muri Sentare Ntahinyuzwa mu gisata cayo c'iyungururizo ry'imanza Leta ifisemwo inyungu.

Kubera ko kwitura iyi Sentare guhuye na zangingo zavugwa aho hejuru z'ibwirizwa Shingiro be n'ibwirizwa rigenga sentare yubahiriza ibwirizwa Shingiro;

Kubera ko n'ibitegekanijwe n'ingingo ya 5 y'ibwirizwa n°1/03 ryo ku wa 11/01/2007 vyubahirijwe mu kumenyesha uru rubanza abategetsu bavugwa mu gace ka 1 k'ingingo ya 4 y'itegeko ryavuzwe hejuru:

Kubera ko bigaragara ko ukwitura iyi Sentare hisunzwe amategeko bijanye:

## II. Ku vyerekeye ububasha bwa Sentare bwo kwihweza urubanza...

Kubera ko ingingo ya 128 mu duce twayo twa mbere na kabiri y'ibwirizwa Shingiro ivuga ko "Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro ifise ububasha bwo:

- Kwihweza ko amabwirizwa n'amategeko ashingwa mu bidasanzwe biringanizwa n'ibwirizwa bidacye kubiri n'ibwirizwa Shingiro: (...):

Kubera ko urubanza rwatwe iyi Sentare rwerekeye kwihweza ko ingingo y'647 y'Igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatati itanyuranye n'ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi:

Kubera ko Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro isanga ifise ububasha bwo guca uru rubanza yashikirijwe:

## III. Ku vyerekeye iyakirwa rya runo rubanza.

Kubera ko kugira urubanza rwakirwe na Sentare, nyene kwitwara ategerezwa kuba abirekuriwe n'amategeko, ategerezwa kandi kwerekana neza ko urwo rubanza hari ico aruzigamwo we nyene ubwiwe gifatiye ku mategeko;

Kubera ko Sentare ibona ko bikenewe kwihweza izo ngingo zibiri imwe imwe ukwayo;

### a) Ku vyerekeye uburenganzira nyene kwitwara yoba afise bwo gushingisha runo rubanza.

Kubera ko ingingo y'230 y'ibwirizwa Shingiro yemerera umuntu uwariwe wese abikeneye, ishira hamwe iryo ariryo ryose ribikeneye canke abashikirizamanza ko bashobora gushinga urubanza muri Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro badoma urutoke kumabwirizwa n'amategeko yoba yashinzwe biciye kubiri n'ibwirizwa Shingiro: bagashobora kubigira mukwishikirira bo nyene Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro canke mu kubimenyesha abandi bacamanza mu gihe babonye ko urubanza bariko barabacira rushingiye kungingo y'ibwirizwa canke itegeko icye kubiri n'ibwirizwa nshingiro:

Kubera ko muri runo rubanza, nyene kwitwara ari umuntu ku giti ciwe yishikiririyeye we nyene Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro yitwarira ingingo y'647 y'Igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatati ryoba riteye kubiri n'ibwirizwa Shingiro:

Kubera ko ifatiye kuri izo mvo isanga nyene kwitwara abifitiye uburenganzira:

### b) Ku vyerekeye icyo nyene kwitwara aziga muri runo rubanza.

Kubera ko uwitwaye yituye iyi Sentare kuko hari urubanza RAA 1219 ruri muri Sentare Ntahinyuzwa mu gisata c'iyungururizo ry'imanza Leta ifisemwo inyungu kandi urwo rubanza rukaba rumwerekeye ubwiwe;

Kubera ko inyungu yiwe muri urwo rubanza ari ntabanduka mugihe ingingo y'647 y'Igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatati yabuzwe mw'icibwira urubanza rwac RAC 5921 rwaciye na Sentare y'I Bujumbura ica imanza Leta ifisemwo inyungu kandi icyo ngingo igashobora no gushingirwako mu rubanza RAA 1219 ruri muri Sentare Ntahinyuzwa;

Kubera ko icatumye uwitwaye yitwara iyi Sentare, ari ukwihweza ko ingingo y'647 y'Igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatati ko idacye kubiri n'ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi:

Kubera ko Sentare ibona ko inyungu uwitwara afise mukuyitura igaragara kandi bihuye n'amategeko;

Kubera ko Sentare ifatiye kuri izo mvo zose, yakiriyeye runo rubanza;

## IV. Ku vyerekeye ukwihweza ko ingingo y'647 y'Igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatati idacye kubiri n'ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi n°1/010 ryo ku wa 18/03/2005.

Kubera ko MANIRAMBONA Herménégilde avugako ingingo y'647 y'Igitabu ca gatatu c'amategeko agenga imanza z'amatati itanyuranye n'ibwirizwa Shingiro;

Kubera amenyesha ko yashingishije urubanza RAC 5921 muri Sentare y'I Bujumbura ica imanza Leta ifisemwo inyungu ngo kuko igisirikare gishaka kubasohora mw'itongo babamwo kandi ata bwirizwa na rimwe rikurikijwe: ata n'umuzibukiro baronse;

Kubera ko abandanya avugako icyo Sentare yahavuye iruca ivuga ko itarwakiriyeye

ishimikije ya ngingo y'647 yavugwa aho  
 ejuru itegekanya ko "Ukwitwara kwose kuba  
 kwerekeye ibintu canke abantu kuba  
 igushingiye ku bintu canke ku mwenda, guta  
 igihe inyuma y'imyaka mirongo itatu kandi  
 wuburana nategerezwa kuzana ivyemezo  
 vyanditse canke ngo bamwankire bamwagiriza  
 kubigira n'ibigirankana"; ngo none urwo  
 urubanza yarwungururije muri Sentare  
 Ntahinyuzwa mu gisata gica imanza Leta  
 ifisemwo inyungu ku nomero RAA 1219;

Kubera ko uwitwaye avuga amategeko  
 mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu  
 mu ngingo yayo ya 17 agace ka mbere n'aka  
 kabiri avuga ko:

"Umuntu wese, yaba wenyene canke bari  
 hamwe, arafise uburenganzira bwo kuronswa  
 itongo.

Nta muntu n'umwe ashobora kwakwa ku nguvu  
 itongo ryiwe."

Kubera ko abandanywe avuga ko n'ingingo ya 36  
 y'Ibwirizwa Shingiro itegekanya ko: "Umuntu  
 wese afise uburenganzira bwo kuganza ivyiwe  
 bimwegukira. Ntawushobora kubimuterako,  
 kiretse ku neza y'igihugu, kuvyavuzwe  
 bikongera bigategekanywa n'itegeko, kandi  
 abanje gushumbusha bikwiye kiretse iyo ari  
 ugukurikiza urubanza rwacitse  
 ubutagisubirwamwo kuko ata yungururizo  
 risigaye". ngo iyo ngingo ikaba itariko  
 irakurikizwa ku Barundi benshi batakaje  
 amatongo yabo hadakurikijwe amabwirizwa  
 kandi iyo myaka ihaciye, mbere hakaba  
 harafashwe n'ingingo kuko babonye binyuranye  
 n'Ibwirizwa Shingiro.

Kubera ko yongera kuvuga ko n'ingingo ya 7  
 y'amasezerano mpuzamakungu yerekeye  
 agateka ka zina muntu itegekanya ko: "Abantu  
 barangana imbere y'amategeko kandi bafise  
 uburenganzira bumwe atatandukanywa rihabaye  
 bw'ugukingirwa n'amategeko. Abantu bose  
 bafise uburenganzira bw'ugukingirwa  
 kw'ikumirwa ritajanye n'aya masezerano no  
 kuri icyo cose cotuma iryo kumirwa riba";

Kubera ko amenyesha kandi ko ingingo ya 48  
 y'Ibwirizwa Shingiro nayo itegekanya ko  
 "Amateka ngenderwako ategerezwa  
 kwubahirizwa mu bisata vyose vy'ubutungane,  
 vy'intwano hamwe n'inzego zose z'igihugu.  
 Ibwirizwa Shingiro niryuma ayandi yose  
 kandi urwego Nshingamateka, urwego  
 Nshikiranganji n'urwego rw'ama sentare  
 zitegerezwa kuryisunga.

Ibwirizwa ryose riteye kubiri n'iri bwirizwa  
 shingiro riba impfagusa.

Kubera ko aheraheza asaba Sentare yubahiriza  
 Ibwirizwa Shingiro ko yovuga ko ingingo  
 y'647 y'Igitabu ca gatatu c'amategeko agenga  
 imanza z'amatati inyuranye naryo cane cane mu  
 ngingo zaryo za 19 na 36;

Kubera ko Sentare isabwa gushikiriza aho  
 ihagaze;

Kubera ko Sentare isanze uwitwaye avuga ko  
 yungururije urubanza muri Sentare Ntahinyuzwa  
 mu gisata gica imanza Leta ifisemwo inyungu:

Kubera ko ariko sentare isanze ata rwandiko  
 rw'iyi sentare rutumenyesha ko urubanza  
 rwabaye rurahagarikwa mukurindira ingingo  
 y'iyi sentare nk'uko ingingo ya 4 y'amategeko  
 agenga iringanizwa ryayo, ingene ikora  
 n'uburyo ica imanza ibivuga:

Ko kandi uwitwaye yituye iyi Sentare atazindi  
 nzira aciyemwo nk'uko ingingo y'230 agace ka  
 kabiri y'Ibwirizwa Shingiro ibivuga:

Kubera ko ingingo ya 36 y'Ibwirizwa Shingiro  
 ivuga iti: "Umuntu wese ashobora kwitungira  
 ivyiwe. Ntawushobora kubimuterako, kiretse  
 inzego z'igihugu, nazo nyene igihe zibikeneye  
 ku neza ya bose, zikabigira zisunze  
 amabwirizwa abitegekanywa, kandi zibanje  
 kumushumbusha bikwiye canke mugukurikiza  
 urubanza rwacitse ubutagisubirwamwo.";

Ko n'ingingo ya 48 y'Ibwirizwa Shingiro ivuga  
 iti: "Amateka ntarengwako ategerezwa  
 kwubahirizwa n'amategeko n'amabwirizwa  
 yose hamwe n'inzego zose z'igihugu. Ibwirizwa  
 Shingiro niryuma ayandi yose kandi  
 urwego nshingamateka, urwego Nshikiranganji  
 n'urwego rw'amasentare zitegerezwa  
 kuryisunga. Ibwirizwa ryose riteye kubiri n'iri  
 Bwirizwa Shingiro riba impfagusa.";

Kubera ko kandi ingingo y'7 y'amasezerano  
 mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu ivuga  
 iti: "Abantu barangana imbere y'amategeko  
 kandi bafise uburenganzira bumwe  
 atatandukanywa rihabaye bw'ugukingirwa  
 n'amategeko. Abantu bose bafise uburenganzira  
 bw'ugukingirwa kw'ikumirwa ritajanye n'aya  
 masezerano no kuri icyo cose cotuma iryo  
 kumirwa riba;

Ko n'ingingo ya 17 mu gace ka mbere  
 n'akabiri y'amategeko mpuzamakungu  
 yerekeye agateka ka zina muntu itegekanya ko:

"Umuntu wese, yaba wenyene canke bari  
 hamwe, arafise uburenganzira bwo kuronswa

itongo.

Nta muntu n'umwe ashobora kwakwa ku nguvu itongo ryiwe.";

Kubera ko izo ngingo za 7 na 17 Sentare isanga zivuga ibijanye n'uburenganzira bw' umuntu wese bwo kugira amatungo;

Ko kandi izo ngingo za 7 na 17 agace ka mbere n'aka kabiri zifise agaciro k'ingingo z' Ibwirizwa Shingiro biciye mu ngingo ya 19 y' Ibwirizwa Shingiro iziha ikibanza mw' Ibwirizwa Shingiro rya Republika y' Uburundi mu kuvuga iti:

"Kuyerekeye agateka ka zina muntu, ibitegetswe umunyagihugu n'umuntu wese, ivyo vyose bitegekanijwe n'amasezerano y' isi yose yerekeye agateka ka zina muntu, amasezerano mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu, amasezerano y' ibihugu vya Afrika yerekeye agateka ka zina muntu n'agateka k' amashyamba n'amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburundunana n' isi, uburyo bw' ase bukumira abakenyezi n'amategeko mpuzamakungu yerekeye agateka k' umwana biremejwe n' iri Bwirizwa Shingiro ryo mu Burundi. Ayo mateka ntarengwako ntashobora kugabanywa canke kurengwako kiretse bitumwe n' ineza ya bose canke ukwubahiriza amateka ngenderwako.";

Kubera ko Sentare isanga ingingo ya 36 nayo ivuga ibijanye n' uko umuntu ashobora kugira ico atunze;

Kubera ko Sentare isanga ingingo z' 7 na 17 z'amasezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu na 36 y' Ibwirizwa Shingiro zose zivuga ibijanye n' uburenganzira bwa zina muntu bwo kugira amatungo yiwe bwite;

Kubera ko Sentare isanga ingingo y' 647 y' Igitabu ca gatatu c' amategeko agenga imanza z' amatati yitwarira yoyo ivuga ibijanye n' ikiringo ntarengwa kugira ngo umuntu yiture Sentare;

Kubera ko iyubahirizwa ry' ibiringo bitegekanijwe vyo kwitura Sentare bituma abantu batekanirwa mu vyabo rikongera rikabuza guca imanza ataco zungura mu mibano y' abantu.

Kubera ko ingingo y' 647 y' Igitabu ca gatatu c' amategeko agenga imanza z' amatati uwitwara asaba Sentare ko yokwihweza ko idahuye

n' Ibwirizwa Shingiro. Sentare isanga ataho ihuriye n' ingingo zose yishimikiza;

Ko rero Sentare isanga ingingo y' 647 y' Igitabu ca gatatu c' amategeko agenga imanza z' amatati itanyuranye n' Ibwirizwa Shingiro;

**Kubera izo mvo zose:**

Sentare yubahiriza Ibwirizwa Shingiro,

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Republika y' Uburundi n°1/010 ryo ku wa 18/03/2005;

Yihweje Ibwirizwa n°1/08 ryo ku wa 19/12/2002 ritegekanya uburyo Sentare yubahiriza Ibwirizwa Nshingiro iringanjwe kandi ikora hamwe n' uburyo imanza zihwezwa nk' uko ryahinduwe n' Ibwirizwa n°1/03 ryo ku wa 11/01/2007;

Imaze kwiga imburano yashikirijwe na MANIRAMBONA Herménégilde:

Ishinze ko:

- 1° MANIRAMBONA Herménégilde yituye Sentare ishinze agategeko.
- 2° Ifise ububasha bwo kwihweza urubaza yashikirijwe.
- 3° Yakiriye imburano nk' uko yazishikirijwe na MANIRAMBONA Herménégilde.
- 4° Imburano za MANIRAMBONA Herménégilde zidashemeye.
- 5° Ingingo y' 647 y' Igitabu ca gatatu c' amategeko agenga imanza z' amatati idateye kubiri n' Ibwirizwa Shingiro rya Republika y' Uburundi.

Uko niko ruciwe kandi rusomwe i Bujumbura mu ntaha yo ku wa 27/01/2016

**HASHASHE:**

Umukuru wa Sentare:

NDAGIJIMANA Charles (sé)

Icegera c' umukuru wa Sentare:

NTAKIRUTIMANA Jérémie (sé)

Abacamanza:

KARENZO Claudine (sé)

NDIHOKUBWAYO Canésius (sé)

NTAVYIBUHA Bernard (sé)

NIYONGABO Pascal (sé)

INANTORE Irina (sé)

Umwanditsi:

NIZIGAMA Irène (sé)